# Елимизге белгили палўан Сансызбай Юсуповтың 60 жасқа толыўы мүнәсибети менен «Кураш» бойынша жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында еки күн даўамында Нөкис қаласы биринshiлиги болып өтти.

⚡Елимизге белгили палўан Сансызбай Юсуповтың 60 жасқа толыўы мүнәсибети менен «Кураш» бойынша жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында еки күн даўамында Нөкис қаласы биринshiлиги болып өтти.

Оған Нөкис қаласындағы спорт мектеплеринде билим алып атырған, спорттың усы түри менен шуғылланып киятырған 60 қа шамалас ер ҳәм 15 қыз спортшы-жаслар қатнасты.

Image not found or type unknown

Жарыс 10 салмақ категориясы бойынша алып барылды, соннан қызлар еки салмақ категориясында беллести.
•Сансызбай аға республикамыздағы спорттың жеке гүрес түрлерин раўажландырыўға үлкен үлес қосқан ҳәм усы спорт түрлери бойынша көплеген нәтийжелерге ерискен устаз спортшыларымыздың бири болып есапланады. Жақында ол Греция мәмлекетинде самбо бойынша ветеранлар арасында өткерилген жарыста та өз салмақ категориясында биринshiликти қолға киргизип, елеге шекем, спорттың жеке гүрес түрлеринен теңсиз екенлигин көрсетип келмекте,-дейди Республикалық спорттың жеке гүрес түрлери бойынша қәнигелестирилген спорт мектебиниң аға тренери Жамшид Турабаев.
– Өткерилген бул жарыс жасларымыздың устаз спортшылардың тәжирийбелери менен кеңнен танысыўына, олардың үлги аларлық жетискенликлеринен мотивация алып, өзлериниң де жақсы нәтийжелерге ерисиўи ушын умтылыўына үлкен түртки береди, деп ойлаймыз.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Жарыс жуўмағында жеңимпазлар анықланып, Өзбекстан Кураш Федерациясы Қарақалпақстан бөлими тәрепинен диплом ҳәм медаллар менен сыйлықланды.

Image not found or type unknown

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме Хызмети**